

Lwa Baker a/The Baker Act (Lwa Sou Sante Mantal Nan Florida)

Lwa Baker pote non Maxine Eldridge Baker, ansyen reprezantan konte Dade pou Chanm Depite Florida ki te patwone ak defann lwa a pandan sèt ane avan li te pase an 1971 epi retabli an 1972. Madam Baker te kwè lwa sou Sante Mantal Florida te genyen avan yo (ki pa te vrèman chanje pandan prèske yon syèk avan 1971) te prive sitwayen ak pwoblèm sante mantal yo libète yo paske li te fèmen yo nan yon sant epi limite dwa yo pou defann tèt yo devan lalwa menm si pa te gen anyen ki te montre yo te yon danje pou tèt yo oswa lòt moun.

Moun ak maladi mantal gen dwa pou trete yo ak diyite, san reta oswa san konsidere mwayen moun nan pa genyen pou peye, eksprime ak bay konsantman enfòme, trete li byen ak bay li tretman konpetan (medikal, fòmasyon pwofesyonèl, sosyal, akademik ak pou li re-adapte li) ki apwopriye daprè bezwen moun nan, dwa pou pale ak lòt moun (swa an pèsòn, pa telefòn oswa lapòs) epi al di sa si gen moun k ap abize li, dwa pou vote nan eleksyon si yo kalifye pou vote, dwa pou kenbe bagay prive yo (tankou rad) si yo jije bagay sa yo pa yon danje epi yo pa entèdi pou rezon medikal, dwa pou tribunal la revize dosye yo pou deside si li jis pou retire oswa refize dwa oswa privilej yo (dwa pou detèmine si sa legal ou pa), planifikasyon lè pou kite yo soti nan sant la ak resevwa tretman, dwa pou anplwaye yo pa aji yon fason seksyèl ki deplase, dwa pou afè yo konfidansyèl ak ¹ dwa pou yo pa vyole dwa oswa privilej yo sou Lwa Baker a.

Lwa Baker a defini kondisyon kote yo kapab fòse yon moun ki gen yon maladi mantal (oswa yon moun yo panse genyen yon maladi mantal) pase yon egzamen san volonte li nan yon sant oswa lopital lokal pou kriz. Pasyan ki bezwen yo itilize Lwa Baker a sou li dwe yon danje pou tèt li oswa lòt moun paske li gen yon maladi mantal epi li pa vle oswa pa kapab bay konsantman pou resevwa tretman ak volonte li. Yon evalyasyon san volonte moun nan kapab pran jiska 72 èdtan epi moun ki kapab mande youn pou li se:

¹ Depatman Timoun ak Fanmi, Manyèl Lwa Baker 2014: Gid Referans Pou Itilize Lwa Sante Mantal Florida a

Yon madanm, mari, titè, fanmi, ajans ki bay moun nan sèvis ki gen konesans sou maladi mantal yo di li genyen an epi ki dakò pou depoze yon afidavid/petisyon pou eksplike poukisa yo dwe evalye pasyan an san volonte li. Si moun ka p ranpli petisyon an pa yon fanmi oswa ajans k ap ba li sèvis, dwe gen twa majè ki ranpli petisyon an. Si pasyan y ap evalye san volonte li a se yon minè, paran, titè/gad legal li oswa yon ajans k ap ofri li sèvis dwe ranpli petisyon an. Yo dwe depoze petisyon an nan biwo Grefye Tribunal la nan konte kote moun yo di gen maladi mantal la rete.

Yon pwofesyonèl swen sante ki kwè pasyan an ranpli kondisyon pou Lwa Baker a ak yon polisye ki mennen pasyan an nan sant y ap resevwa li a.

Yon polisye ki kwè pasyan an ranpli kondisyon yo epi mennen li nan sant pou kriz la.

Si, nenpòt lè pandan evalyasyon 72 èdtan an, yo ta detèmine pasyan an pa yon menas pou tèt li oswa lòt moun, yo dwe lage li. Men, pasyan an kapab dakò pou yo entène li oswa rekòmande li yon kote li p ap entène pou resevwa plis tretman. Si pasyan an pa kapab oswa pa vle bay konsantman pou yo entène li ak bay li plis swen li bezwen an, pwofesyonèl swen sante a kapab depoze yon petisyon pou kontinye kenbe pasyan an san volonte li epi ap gen yon jijman sou petisyon an avan senk jou. Y ap nome yon avoka pou nenpòt pasyan yo depoze yon Petisyon Pou Plasman San Volonte kont li. Yo kapab kenbe pasyan an (kont volonte li) nan yon sant pou nenpòt sis mwa pandan l ap resevwa tretman pou maladi mantal si tribunal la, daprè temwayaj ekspè, detèmine pasyan an bezwen tretman san volonte li.

Si yo twouve yon pasyan pa gen kapasite pou bay konsantman pou tretman, tribunal la ap nome yon responsab ak fonksyon limite (Lwa Florida 394.4598) pou pran desizyon sou sante ak zafè sante mantal li si pa te deja gen yon jijman ki di li gen enkapasite nan dosye pasyan an epi li pa gen okenn moun ki gen otorite pou pran desizyon sa yo. Responsab ak

fonksyon limite a oblige pran klas tribinal la otorize avan l ap kapab egzèse nenpòt otorite. Responsab ak fonksyon limite a p ap gen otorite sa yo lè yo retire pasyan an nan tretman san volonte pou ale nan tretman ak volonte oswa lè yo retire pasyan an nan tretman san volonte.